

# **PWOGRAM YO RELE “REPEYE DÈT”**

*Se yon projè gratis  
ke “Eleventh Judicial Circuit” ak “Dade County Bar Association”  
mete tèt yo ansanm pou yo fè.*

Sèvis “Repeye Dèt” (Put Something Back/PSB) bay moun ki pap fè anpil lajan avoka prive gratis pou okipe pwoblèm legal sivil yo genyen.

## **KOUMAN POU M FÈ JWENN YON AVOKA NAN PWOGRAM “REPEYE DÈT” LAN**

Ale nan biwo yo rele “Put Something Back” la (PSB) nan adrès ki nan do paj sa a. Ou dwe pote prèv lajan ou ap fè, idantifikasyon ak nenpòt lòt papyè ou ta genyen sou pwoblèm legal ou genyen an. Si ou pa pale Anglè, epi Pwogram nan pa gen entèprèt, ou dwe vini ak pwòp entèprèt ou. Yo ap kab wè sèlman on ti group moun, moun ki rive anvan yo, se yo ki ap sèvi an premye baze sou lokalite yo ye a.

Gen yon moun ak eksperyans ki pral fè yon entèviou avèk ou pou li kap detèmine si ou kalifye pou ou wè yon avoka PSB oubyen si ou genyen yon kalite pwoblèm legal ke pwogram nan kap aksepte.

Si ou kalifye epi yo ba ou yon avoka, yo pral voye yon lèt pou ou ki pral di ou non avoka-a ak nimewo telefòn-n li. Ou dwe rele avoka-a pou pou ou ka pran on randevou avè-l. Si ou kalifye, men, ou pa resevwa anken-n lèt apre kat semèn, rele nan nimero sa-a (305) 579-5733 pou yo ka ede ou.

Si ou genyen yon andikap fizik (kokobe) epi ou bezwen yon sèvis espesyal pou patisipe nan Pwogram “Put Something Back” PSB an, rele ADA Koòdinatè-a nan nimero sa-a 1-800-955-8771 (TDD) o sinon 1-800-955-8770 (V) “Florida Relay Services.”

Pwogram “Repeye Dèt” (Put Something Back Project) pral fè tout posib li pou li ka ede ou, men, Pwogram nan pa kapab garanti ke li kap jwen yon avoka pou ou.

# **PUT SOMETHING BACK**

**kote pou yo evalye ka ou yo**

<b><u>JOU</u></b>	<b><u>LOKALITE</u></b>	<b><u>LÈ</u></b>
<b>1er epi 3è LENDI chak mwa</b>	South Dade Justice Center (Dèyè Tribinal la) 10710 SW 211 Street, Sal 1801 Cutler Ridge, Florid	8:30 a.m. - 11:00 a.m.
<b>MADI epi JEDI</b>	Legal Aid Society Put Something Back Office 123 N.W. First Avenue Miami, Florid	8:30 a.m. - 11:00 a.m.

**Se**  
**LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC.**  
**Ki te pote enfòmasyon sa a pou ou**

## **BIWO PWENSIPAL**

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500  
Miami, FL 33137  
Telefòn-n: 305-576-0080,  
TDD 305-573-1578

## **SOUTH DADE LAW CENTER**

10720 Caribbean Blvd., #400  
Miami, FL 33189  
Telefòn-n: 305-232-9680,  
TDD 305-573-1578

04/10 - Flyè Entéviou 6